

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa salaku mahluk sosial hirup kumbuhna teu bisa leupas ti masarakat séjén, pikeun nyumponan sagala kabutuhan rohani jeung jasmanina. Sangkan bisa ngebréhkeun sagala kahayang, pamikiran, jeung rasa ngaliwatan komunikasi lisan atawa tulisan. Salian ti éta sajeroning nyorang hirup kumbuhna, manusa mindeng nyurahan rupaning masalah dina kahirupanana. Salah sahiji wangun tulisan basa nu digunakeun ku panyatur dina nyurahan rupaning masalah téh diantarana dina karya sastra.

Karya sastra raket patalina jeung konsep *mimesis*, hartina karya sastra dianggap minangka eunteung tina kahirupan masarakat. Sanajan kitu, karya sastra teu sagemblengna hasil tina mindahkeun kahirupan nyata kana karangan. Karya sastra mangrupa hasil rékaan pangaran dina nyurahan kahirupan kalawan jihat sawangan nu ragem.

Karya sastra narima pangaruh ti masarakat, sakaligus mampuh méré pangaruh pikeun masarakat. Malah masarakat mindeng nangtukeun ajén karya sastra dina hiji jaman, sedeng pangarang karya sastra taya lian ti anggota masarakat di sabudeureunana (dina Semi, 2012, kc. 92).

Pangarang salaku nu ngalaman proses kreatif dina nyieun hiji karya sastra miboga posisi nu penting, tapi hiji karya sastra lain ngan saukur pangabisa pangarang, tapi mangrupa réfleksi kaayaan masarakat sabudeureunana. Nu dijieun ngaliwatan pangalaman, pamikiran, réfleksi, jeung rékam budaya pangarang kana sagalarupa hal nu kaalaman ku manéhna, ogé nu aya di masarakat.

Saupama ditilik kana wujudna, karya sastra téh kabagi tilu bagian nya éta puisi, prosa jeung drama. Salah sahiji wangun karya sastra nya éta drama. Naskah

drama nurutkeun Luxemburg spk (1992, kc. 158) nya éta sakabéh teks anu bentukna diwangun ku dialog-dialog anu jadi hiji galur carita.

Kamekaran kasusastraan sunda hususna jenis naskah drama bisa disebut paling tinggaleun batan jenis kasusastraan lainna, lantaran nepika ayeuna nu nulis naskah drama basa sunda bisa kénéh kaitung ku ramo. Béda jeung jenis kasusastraan nu lainna ti mimiti sajak, carpon jeung novel geus mimiti mekar sanajan masih kénéh jauh saupama dibandingkeun jeung kasusastraan Indonesia.

Panalungtikan ngeunaan naskah drama utamana naskah drama sunda kawilang langka, lantaran ngan sababaraha hiji naskah drama anu diterbitkeun pikeun bacaeun umum. Lolobana ngan saukur ditulis pikeun kabutuhan pagelaran téater, jadi nu macana ngan sababaraha urang nu aya dina komunitas téater.

Pikeun naluntik hiji karya sastra, réa téori jeung pamarekan nu bisa digunakeun. Malah teu saeutik nu dipatalikeun jeung élmu séjén. Salah sahijina nya éta sosiologi. Pamarekan sosiologi sastra nya éta ulikan sosiologi ngeunaan karya sastra dumasar prinsip élmu sosiologi jeung sastra. Sosiologi sastra miboga pamadegan yén antara karya sastra, pangarang, jeung kasang tukang sosial téh miboga hubungan anu sipatna silih pangaruhan.

Strukturalisme génétik minangka cabang ulikan sosiologi sastra anu nekenkeun kana karya sastra sarta hubunganana jeung pangarang ogé kasang tukang sosial pangarangna kawilang mampuh pikeun naluntik naskah drama ngaliwatan pamarekan anu béda batan panalungtikan ngeunaan naskah drama anu saméméhna.

Nu jadi objék panalungtikan nya éta naskah drama *Jeblog* karya Nazarudin Azhar. Ieu naskah drama dipilih dumasar tinimbangan, (1) miboga tokoh anu ngawakilan salah sahiji kelas sosial, nu ngarandapan masalah atawa miboga problematika dina nyanghareupan hirupna, (2) kasang tukang kahirupan pangarang loba mangaruhan ieu naskah drama, (3) ngandung ajén jeung kritik sosial.

Panalungtikan ngeunaan naskah drama *Jeblog* karya Nazarudin Azhar geus kungsi aya, di antarana “Karakteristik Tokoh dina Naskah Drama *Jeblog* Karya Nazarudin Azhar” ku Ridwan Saidi taun 2009, jeung “Kajian Semiotik dina Naskah Drama *Jeblog* karya Nazarudin Azhar” ku Sandi Setiawan Santosa taun 2010. Tapi **Yosef Mubarak Ibrahim, 2014**

NASKAH DRAMA JEBLOG KARYA NAZARUDIN AZHAR (Tilikan Strukturalisme Génétik)

Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

can aya panalungtik anu naluntik ngeunaan naskah drama *Jeblog* ngaliwatan pamarekan strukturalisme génétik. Ku kituna ieu panalungtikan anu judulna “Naskah Drama *Jeblog* Karya Nazarudin Azhar (Tilikan Strukturalisme Génétik)” perlu dilaksanakeun sangkan méré sawangan séjén dina naluntik naskah drama.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang nu aya, aya sababaraha rumusan masalah nu dipidangkeun dina wangun kalimah patalékan :

1. Kumaha kasang tukang kahirupan sosial pangarang nu patali jeung gumelarna naskah *Jeblog* karya Nazarudin Azhar?
2. Naon waé problématika tokoh anu aya dina naskah drama *Jeblog* karya Nazarudin Azhar?
3. Kumaha répréséntasi kamandang pangarang nu aya hubunganana jeung problématika tokoh utama, ogé kasang tukang sosial kahirupanana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung rumusan masalahnu geus dipedar, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun pamahaman masyarakat kana naskah drama ngaliwatan analisis strukturalisme génétik.

1.3.2 Tujuan Husus

Panalungtikan ieu ogé dipiharep:

1. Ngadéskripsikeun kasang tukang kahirupan sosial pangarang nu patali jeung gumelarna naskah drama *Jeblog*;
2. Ngadéskripsikeun problématika tokoh dina naskah drama *Jeblog* karya Nazarudin Azhar.
3. Ngadéskripsikeun répréséntasi kamandang pangarang nu dipatalikeun jeung problématika tokoh utama jeung kasang tukang kahirupan sosialna, ogé;

Yosef Mubarak Ibrahim, 2014

NASKAH DRAMA JEBLOG KARYA NAZARUDIN AZHAR (Tilikan Strukturalisme Génétik)

Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké ngalengkepan ogé ngabeungharan élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra sunda hususna génré naskah drama.

1.4.2 Manfaat pikeun Lembaga

Ngariksa basa jeung budaya daerah aya dina undang-undang sarta perda. Ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudang kasadaran masarakat sangkan leuwih méré panitén sarta ngajaga kabeungharan basa jeung budaya daerah hususna widang sastra.

1.4.3 Manfaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber informasi sarta jadi pangdeudeul pikeun studi di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, sarta pikeun saha waé anu ngabutuhkeun sangkan ngalegaan informasi sarta pangaweruhna ngeunaan naskah drama.

1.4.4 Manfaat pikeun Masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan naskah drama sacara ringkes, sarta jadi motivasi pikeun saha waé nu hayang leuwih apal kana tilikan strukturalisme génétik dina naskah drama.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan mangrupa gambaran umum sistematika nyusun skripsi nu méré gambaran eusi dina unggal bab sarta hubungan antara hiji bab jeung bab saterusna.

Yosef Mubarak Ibrahim, 2014

NASKAH DRAMA JEBLOG KARYA NAZARUDIN AZHAR (Tilikan Strukturalisme Génétik)

Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

1. Bab 1, bubuka medar gambaran umum ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.
2. Bab 2, ulikan tiori atawa landasan tioritis pikeun masalah nu dijieun objék panalungtikan, eusina ngajelaskeun sacara déskriptif tiori-tiori nu luyu dipaké pikeun panalungtikan, rujukan séjén nu aya pakaitna jeung panalungtikan sarta panalungtikan saméméhna.
3. Bab 3, métode panalungtikan nu ngajelaskeun prosedur panalungtikan, ti mimiti tiori nu dipaké, informasi ngeunaan lokasi atawa objék nu ditalungtik, desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, tahapan ngumpulkeun, ngolah sarta analisis data.
4. Bab 4, hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung analisis panalungtikan pikeun ngajawab rumusan masalah ku cara ngadéskripsikeun sacara proporsional.
5. Bab 5, kacindekan, impleméntasi jeung rékoméndasi. Réfleksi tina hasil analisis panalungtikan sarta saran pikeun nu nyieun kawijakan atawa nu ngamangpaatkeun hasil panalungtikan.